

**REZIME AKÒ RÈGLEMAN APWOUVE KI AFEKTE IMIGRAN AK LÒD FINAL
DEPÒTASYON KI MARYE AK SITWAYEN ETAZINI
(MA, RI, CT, VT, NH, ME)**

Calderon, et al. v. Mayorkas, et al., Nimewo dosye 18-10225-MLW (D. Mass.)

Kontèks

Sa a se yon rezime akò règleman ki gen tan apwouve pou pwosè rekou kolektif ki rele *Calderon, et al. v. Mayorkas, et al.*, Nimewo dosye 18-10225-MLW.

Akò règleman sa a rezoud yon pwosè ki te prezante nan mwa fevriye 2018 pa yon klas sitwayen Etazini ak konjwen pa yo ki pa sitwayen ki gen lòd depòtasyon final epi ki rete nan eta Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, Vermont, New Hampshire oubyen Maine. Règleman sa a gen yon enpak sou fason koup ki nan kategori sa a gen dwa mande yon estati legal pou konjwen pa yo ki pa sitwayen, epi kisa ki pral rive si Operasyon Aplikasyon Lalwa ak Depòtasyon (« ICE ERO Boston ») ki fè pati ajans Aplikasyon Lalwa Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) ta vle poze yon aksyon kont konjwen pa yo ki pa sitwayen.

Aprè odyans ki te fèt nan dat 16 janvye 2025 kote Tribunal la te twouve akò règleman an jis, rezònab ak sifizan, akò règleman an resevwa yon apwobasyon final. Nan kad akò règleman an, avoka kolektif yo gen tan anile pwosè a. **Akò règleman sa a antre anvigè kounyeya apati 16 janvye 2025 jiska 16 janvye 2027, epi manm gwoup kolektif yo gen dwa kòmanse itilize pwovizyon akò a pandan peryòd sa a.**

Definisyon gwoup kolektif la

Si w nan yon maryaj kote youn nan moun yo se yon sitwayen Etazini epi lòt la pa sitwayen, pwobableman ou konsidere kòm yon manm nan gwoup kolektif la si w reponn ak kritè suivan :

- (1) Moun ki pa sitwayen an gen yon lòt depòtasyon final epi li pòko kite peyi Etazini nan kad lòd sa a ;
- (2) Konjwen ki se sitwayen Etazini an gen tan depoze yon fòmilè I-130 Petisyon pou Fanmi non-Sitwayen avèk USCIS, epi demann nan ann atant oubyen li apwouve ; epi
- (3) Konjwen ki pa sitwayen an rete nan eta Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, Vermont, New Hampshire oubyen Maine ; oswa konjwen ki pa sitwayen an an gadavi avèk ICE nan youn nan eta sa yo.

Akò Règleman an

Deskripsiyon sa a se yon rezime de pwen esansyèl ki nan akò règleman an.

- a) **Mosyon pou louvri ankò** : Pou demann ICE resevwa nan yon delè de (2) zan aprè règleman sa a antre anvigè, ICE pral rejwenn Mosyon pou Louvri dosye a Ankò ke manm klas non-sitwayen an te depoze a, epi y ap Anile pwosè depòtasyon an si manm klas non-sitwayen an atache dokiman ki obligatwa yo ansanm ak Mosyon pa li, tankou yon deklarasyon entansyon non-sitwayen an pou pouswuiv yon estati legal atravè konjwen yo a ki se sitwayen Etazini oswa ak yon pwosedi konsilè aletranje. ICE sèlman gen dwa refize yon mosyon pou louvri dosye a ankò ak anile depòtasyon

an si ICE detèmine ke non-sitwayen an (1) reprezante yon menas ak sekirite piblik la (tipikman si l te fè yon krim grav); (2) reprezante yon menas pou sekirite nasyon an ; oswa (3) te patisipe nan yon fwòd serye pou jwenn avantaj imigrasyon oubyen si l fè plizyè krim fwòd parapò ak estat imigrasyon li. Si ICE pa twouve okenn nan kondisyon sa yo vre, ICE pral rejwenn yon mosyon pou louvri dosye a ankò epi anile pwosè depòtasyon an depi moun nan te founi dokiman ki nesesè yo.

- b) Aksyon aplikasyon lalwa : Pandan de (2) zan aprè antre anvigè règleman sa a, ICE ERO Boston pa gen dwa arete, fèmen nan gadavi oswa chèche depòte yon manm klas non-sitwayen, ni egzije manm klas non-sitwayen an pou l kite peyi Etazini an, sòf si yon Direktè Adjwen Biwo Teren lakay ICE (oubyen yon lòt moun ki gen menm nivo otorite oswa plis otorite) te deside ke non-sitwayen an reprezante yon menas pou sekirite piblik la oswa nasyon an. Ofisyè ICE la dwe konsidere elijibilitè non-sitwayen an pou l chèche yon eta legal nan kad pwosè egzonerasyon pwovizwa a tou. Finalman, nan sityasyon kote ICE ap chèche transfere yon manm klas sa a ki nan gadavi nan yon eta andeyò Nouvo Angletè, ICE sèlman gen dwa fè sa a si ICE ERO Boston deja gen tan reponn ak pwosedi ki dekri nan règleman an epi yo detèmine ke l apwopriye pou depòte non-sitwayen an andeyò Etazini an.

Si ta gen yon litij ki fèt konsènan respè kondisyon règleman sa a, règleman an pèmèt yon pwosè rezolisyon konfli epi manm gwoup kolektif yo dwe itilize pwosè sa a anvan yo gen dwa prezante litij yo a devan yon tribinal federal.

Aksyon gwoup kolektif sa a pa gen ladan okenn reklamasyon pou dedomajman finansyè, kidonk règleman an p ap pèmèt okenn peman lajan nan kad Règleman 23(b)(2) nan Règleman Federal sou Pwosedi Sivik yo.

Finalman, pandan dire akò sa a ki se de (2) zan, manm gwoup kolektif yo pa gen dwa depoze yon pwosè ki di arrestasyon, detansyon oswa depòtasyon yon non-sitwayen vyole lalwa paske li anpeche yo mande yon eta legal nan marye avèk konjwen pa yo ki se yon sitwayen Etazini epi atravè pwosedi egzonerasyon pwovizwa sa a, men yo pito dwe itilize pwosedi rezolisyon konfli ak aplikasyon lalwa ki dekri nan akò sa a konsènan jan de pwosè sa yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon

SA A SE YON REZIME AKÒ RÈGLEMAN AN SÈLMAN. Yon kòpti entegral de Akò Règleman an disponib nan sit wèb sa a : www.aclum.org/calderonsettlement.

Gen tradiksyon Akò Règleman sa a ak rezime sa a ki disponib sou sit wèb la nan lang anglè, panyòl, pòtige, kreyòl ayisyen ak chinwa senplifye.